# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली में आयोजित सतरहवां राष्ट्रीय रोजगार मेला में कई गो सरकारी विभागन आ संगठनन में नया–नियुक्त एक्यावन हजार से बेसी करमियन के नियुक्ति पत्र वितरण कार्यक्रम के सम्बोधित कइलें। येह दौरान अपने वीडियो सनेसा में प्रधानमंत्री कहलें कि रोजगार मेला नौजवानन के सपना के पूरा कइले क जरिया बनि चुकल बा। येह मेलन के जरिये से इग्यारह लाख से बेसी नौजवानन के नियुक्ति पत्र दीहल गइल हौ। येह मौका पर उहां के 'विकसित भारत योजनो'क सुरूआतो कइलीं। एकर लक्ष्य साढ़े तीनि करोड़ नौजवानन के रोजिगार दीहल हौ। प्रधानमंत्री स्किल इंडिया मिशन से हो रहल बदलावो के बारे में जिकिरि कइलें।

**स्किल इंडिया मिशन जैसे अभियानों के जरिए युवाओं को स्किल की ट्रेनिंग दी जा रही है, वहीं साथ ही नेशनल करियर सर्विस प्लेटफार्म जैसे इनीशिएटिव उन्हें नए अवसरों से भी जोड़ रहे हैं। इसके माध्यम से अब तक सात करोड़ से अधिक वैकेंसीज, इसकी जानकारी युवाओं को दी जा चुकी है।**

रोजिगार मेलन में नियुक्ति पत्र वितरण कार्यक्रम के दौरान प्रदेस के लखनऊ, बनारस आ आगरा के सथहीं देस भर में चालीस जगहिनि पर प्रधानमंत्री क वीडियो सनेसा प्रसारित कइल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में अपने सरकारी आवास पर एगो उच्चस्तरीय बइठकी में लोक निर्माण विभाग के कार्यन क समीक्षा कइलें। बइठकी के दौरान मुख्यमंत्री लोक निर्माण विभाग के विभागीय अधिकारियन के वित्तीय अधिकारन में पांच गुना ले क बढ़ोत्तरी कइल गइले क निर्णय लिहलें। बइठकी में उहां के विभागीय अभियंता लोगिन क सेवा संरचना के यह समय के जरूरति के हिसाबि से बनवले के उद्देस्य से नियमावली में कइल जा रहल संसोधनो के बारे में जनकारी दीहल गइल। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि लोक निर्माण विभाग, राज्य के विकास परियोजनन के चलवले क एगो खास विभाग हौ। अइसने में अभियंता लोगिन के सेवा नियमावली के समयानुकूल, ब्यौहारिक आ पारदरसी बनावल बहुते जरूरी बा।

**********

वाराणसी जिला जज क न्यायालय आजु ज्ञानवापी में बिबाद वाला जगहि के ढके वाला कपड़ा के बदलले क अनुमति दे दिहलस। जिला न्यायाधीस संजीव शुक्ला क न्यायालय मामिला क सुनवाई करत सर्वोच्च न्यायालय के आदेस क हवाला देत ई अनुमति दिहलस। हमरे बनारस प्रतिनिधि बतवलें कि कपड़ा बदलले क तारीख बाद में तय कइल जाई।

**********

बिहने नहाय–खाय के साथे छठ तिउहार क सुरूआति हो जाई। एगो रिपोर्ट–

***छब्बीस अक्टूबर को खरना होगा और सत्ताइस अक्टूबर को डूबते हुए सूर्य को अर्घ्य दिया जाएगा। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ भी सत्ताइस अक्टूबर को लखनऊ में ही सूर्य को पहला अर्घ्य देकर कार्यक्रम की शुरुआत करेंगे। वहीं, आगामी अट्ठाइस अक्टूबर की सुबह उगते सूर्य को अर्घ्य देकर छठ महापर्व का समापन होगा। इस बीच, प्रदेश के सभी जिलों में छठ की तैयारियां अंतिम चरण में हैं। पर्व की खरीददारी के लिए उमड़े श्रद्धालुओं के कारण आज बाजारों में भारी भीड़भाड़ रही। पर्व को देखते हुए प्रदेश भर में सुरक्षा के कड़े इंतजाम किये जा रहे हैं। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदियो लोगिन से छठ पूजा से जुड़ल गीति साझा कइले क निहोरा कइले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में श्री मोदी बतवलें कि बिहार के सथहीं देस भर क सरधालु सरधा के साथे येह तिउहार के तइयारी में जुटल हवें।

**********

वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी बचत उत्सव क फायदा समाज के सज्जो वर्ग ले पहुंचि रहल बा। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बाइस सितम्बर के एकर घोसणा कइले रहलें। जीएसटी सुधारन से कृषि क्षेत्र आ किसानन के हो रहल फायदा ले के ले प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

**नया कर ढांचा में कई गो कृषि उपकरण जइसे स्प्रिंकलर, ड्रिप सिंचाई प्रणाली आ हार्वेस्टर मसीनरी पर जीएसटी दर के बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा, जेहसे ई जरूरी उपकरण किसानन बदे अउरियो सुलभ हो गइल हौ। जीएसटी टू प्वाइंट ओ में जैव कीटनासक आ कई गो सूक्ष्म पोसण तत्वो के पांच फीसदी जीएसटी स्लैब में सामिल कइल गइल हौ, जेहसे जैव आधारित कृषि के बढ़ावा मिली। एकरे सथहीं उर्वक उत्पादन में इस्तेमाल होखे वाला कच्चा माल जइसे अमोनिया, सल्फ्यूरिक एसिड आ नाइट्रिक एसिडो पर अब खाली पांच फीसदी जीएसटी लगि रहल हौ, जेहसे उत्पादन लागत में कमी होई। आकाशवाणी दिल्ली से सकलेन अख्तर के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी इलाका में आजु से आ पच्छिमी इलाकन में बिहने से सत्ताइस अक्टूबर ले देर राति चाहे भिन्नहीं के समय कहीं–कहीं धुंध चाहे हल्लुकाहे कुहेसा क सम्भावना जतवले बा। विभाग के हिसाबि से येह दौरान मौसम सुस्क रही।

**********